



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

RITA KWA-BOSAL

Chak samdi maten, Rita kannale mache Kwa-Bosal pou Jedeyon. Se toujou menm litani an:diri grenn long, mayi moulen Senmak, pwa wouj, vyann ak legim soup. Nan pwen pèdi tan. Gen defwa, Rita gade timoun parèy li, k ap jwe nan lari. Kè li pran ponpe. Men, lè li sonje savonay Jedoyon pare pou li, kè li tonbe sere, kè li vini grenn, kè li vini rak. Lè konsa, li prèt pou kriye.

Pafwa, Rita voye je li sou kèk pankat. Li pa janm konprann anyen: li pa konnen jebede. Lèt yo pòtre mouch, founi, marengwen, papiyon, koulèv, zandolit, wanga-nègès, flèch kann, fèy palmis, plim zwazo. Lan yon dans makwa. Rita pa janm konprann anyen. Men, chak kou li gade mòd vèvè sa yo, li santi yon frison, depi lan pye jouk lan trè cheve, bwoto li lwen lan peyi pèdi. Li bata rive nan syèl. Aprè, li plonje desann nan fon lanmè, kay mètrès dlo:

- Lasirèn bèl fanm, pote mwen sou do w.
- Moun je pete pa antre lan pale mwen.
- Si, lan chèche chèche, lan chèche chèche patou, mwen rive jwenn peny ou, Lasirèn?
- Ou ta sispann gade nan boutèy nwa; ou ta konnen sou ki pye w danse.
- Mwen anvi wè klè. Tanpri. Mennnen mwen avèk ou, Lasirèn. Trennen mwen dèyè ou, Lasirèn.
- Aprann trase vèvè sou papye. Lè sa a, ma mete ou sou do mwen. Ma Mennen w nan pale mwen.

Rita santi tèt li ap vire ak yon moulen andedan sèvèl li. Yon kamyon klaksonnen; li pantan sou twotwa. Lè li reprann bonnanj, mache Kwa-Bosal parèt tou pre. Se kouri achte, retounen vit nan chanmòt Jedeyon an, pou rekòmanse menm kalvè a: monte desann eskalye, kwit manje, bwote dlo, griye kafe, ranmase jouman, kokobe kò li tout jounen nan yon kwen. Byen egzamine, lavi Rita se yon nechèl ki manke plizyè bawo, se yon maswife san bout.

Dezafi, pp. 59-69.

Premye pati

A) Konpreyansyon / 6 pwen pou chak bon repons (30 pwen)

- 1- Jwenn nan tèks la de (2) lide opoze. Youn ki montre kontantman Rita lè li wè timoun ap jwe nan lari a, yon lòt ki fè li sonje savonay yo pare pou li.
- 2- Rezimen nan yon fraz lide prensipal tèks la?
- 3- Explike ak pwòp mo pa ou fraz sa a: “lavi Rita se yon nechèl ki manke plizyè bawo, se yon maswife san bout”.
- 4- Daprè ou, kisa ki fè Rita pa ka rete lontan nan lari?
- 5- Selon tèks la, kisa yo rele: “Trase vèvè sou papye”.

Dezyèm pati (40 pwen)

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Jwenn yon konektè lojik nan tèks la ki make opozisyon epi kontwi yob fraz konplèks ak konektè lojik sa a. (6 pwen)
- 2- Anplwaye mo sa yo nan yon lòt kontèks : (8 pwen)
 - a) Litani
 - b) Pwen
 - ch) Vèvè
 - d) Pantan
- 3- Tradui fraz sa yo franse: (8 pwen)
 - a) Pafwa, Rita voye je li sou kèk pankat.
 - b) Li pa janm konprann anyen; li pa konnen jebede.

- 4- Jwenn nan dyalòg la yon sibòdone sikontansyèl kondisyon epi konstwi pwòp fraz pa ou ak menm kategori sibòdone a. (6 pwen)
- 5- Fè reprezantasyon (pyebwa) grafik fraz sa yo: (12 pwen)
 - a) Rita voye je li sou kèk pankat.
 - b) Li bata rive nan syèl.
 - ch) Aprè, li plonje desann lan fon lanmè.

CH- Pwodiksyon ekri: (Chwazi youn (1) nan sijè sa yo) (30 pwen)

- 1- Anpil timoun ap viv nan domestisite nan peyipa nou. Pifò ladan yo pa al lekòl.
 - a) Konstwi yon tèks agimantatif pou defann dwa timoun yo.
 - b) Mete nan tèks la yon sekans djalòg kote yon timoun ap eksplike sa li ap pase kay yon moun.
 - ch) Bay opinion pènsyonèl ou epi fè yon sentèz.
- 2- Enspire ou de “Ti Sentaniz, Moris Siksto” pou ou konstwi yon tèks naratif ak sekans deskriptif. Montre nan tèks sa a gen anpil “Ti Sentaniz” nan peyi a.